4. Hargreaves A., Fullan M. Professional Capital: Transforming Teaching in Every School. // Teachers College Press. 2012. – P. 45-52.

5. Perrenoud P. Developing Competence in Education: Teaching and Learning for a Complex World. // Cambridge University Press, 2005. – P. 178-192.

6. Sh T.Z., Kizi R. G. A. The main consumer properties and clothing requirements of tourism personnel. // Galaxy International Interdisciplinary Research Journal, 10(1). 2022. – P. 658-663.

7. To‘xtayeva Z.S., Saparbayeva N.K., Mamatova S.S. Bilimning empirik usullarini tikuv buyumlariga ishlov berish jarayonida qo ‘llash. // Ilmiy tadqiqot va innovatsiya, 2(4). 2003. 54-57-b.

8. Tukhtaeva Z.Sh., Rahmatova B.K. Reflexive – Importance and stages of innovative technologies in teacher activity. // American Journal of Pedagogical and Educational Research. 2024; 29: - P. 144-148.

9. Тухтаева З.Ш. Методика межпредметной преемственности в профессиональном образовании. Монография. – Москва: «Бук», 2012.

10. Тухтаева З., Рахматова Б. Развитие творческого мышления студентов в подготовке к инновационной профессиональной деятельности. Информатика. Экономика. Управление - Informatics. Economics. Management, 4(4), 5001–5007. https://doi.org/10.47813/2782-5280-2025-4-4-5001-5007. 2025.

**REZYUME.** Maqolada kasbiy kompetensiyalarni shakllantirishda ta’lim tizimi va pedagogik yondashuvlarning o‘rni tahlil etilib, zamonaviy pedagogik metodlar, innovatsion texnologiyalar, va individual yondashuvlar orqali kasbiy kompetensiyalarni qanday rivojlantirish mumkinligi haqida so‘z yuritiladi, shuningdek, tezisda ta’lim jarayonida talabalarni mehnat bozoriga tayyorlashda ko‘proq e’tibor qaratish lozimligi, kasbiy kompetensiyalarni shakllantirishda zamonaviy metodlar va yondashuvlar, hamda talabalarning shaxsiy rivojlanishini ta’minlashda pedagoglarning o‘rni o‘rganilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется роль образовательной системы и педагогических подходов в формировании профессиональных компетенций, а также рассматривается, каким образом с помощью современных педагогических методов, инновационных технологий и индивидуальных подходов можно развивать профессиональные компетенции. В работе подчеркивается важность подготовки учащихся к трудовому рынку в образовательном процессе, а также изучены современные методы и подходы формирования профессиональных компетенций и роль педагогов в обеспечении личностного развития учащихся.

**SUMMARY.** The article analyzes the role of the educational system and pedagogical approaches in the development of professional competencies. It discusses how professional competencies can be enhanced through modern pedagogical methods, innovative technologies, and individual approaches. The thesis emphasizes the importance of preparing students for the labor market within the educational process, and examines the role of modern methods and approaches in the development of professional competencies, as well as the importance of educators in ensuring the personal development of students.

# STUDENTLERDIŃ LEKSIKALÍQ KOMPETENCIYASÍN FRAZEOLOGIYALÍQ BIRLIKLER ARQALÍ JETILISTIRIW

**G.J.Jalgasbaeva –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** leksik kompetentsiya, frazeologik birliklar, pedagogik faoliyat, ko‘nikma va malakalar, shaxsiy faollik, lingvistik jihat.

**Ключевые слова:** лексическая компетенция, фразеологические единицы, педагогическая деятельность, навыки и умения, личная деятельность, лингвистический аспект.

**Key words:** lexical competence, phraseological units, pedagogical activity, skills and abilities, personal activity, linguistic aspect.

**Kirisiw.** Zamanagóy joqarı bilimlendiriw paradigmasınıń ózgeriwi professional iskerlik subyekti sıpatında bolajaq filologtıń tiykarǵı kompetenciyaların qáliplestiriwdiń nátiyjeli jolların izlew zárúrligin aktuallastırmaqta. Atap aytqanda, filolog-student hár qıylı túrdegi – oqıw, miynet, estetikalıq, izertlew jumısların ámelge asırıw ushın zárúr bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıwı; pedagogikalıq iskerlikte erkin baǵdar alıwı, óziniń kásiplik iskerliginiń individual strategiyası hám taktikasın islep shıǵıwǵa tayar bolıwı, pedagogikalıq metodika hám texnologiyalardı ámelge asırıwı zárúr.

Filolog-studentlerdi tayarlawdıń áhmiyetli tárepinen biri leksikalıq kompetenciyanı qáliplestiriw bolıp esaplanadı. Bul proceste tiykarǵı rol sóz ústinde islewge beriledi: onıń mánisi, qollanılıwı, sinonimlik hám antonimlik qatnasıqlarǵa kirisiw qábileti, basqa sózler menen birige alıwı. Bul bolajaq filologlardıń leksikalıq kompetenciyasınıń tiykarǵı kórsetkishlerinen biri – sóz baylıǵı, óz pikirlerin durıs, izbe-iz hám emocionallıq bayanlay alıwı menen baylanıslı. Bolajaq filologtıń aktiv sóz baylıǵı qanshelli bay bolsa, onıń awızeki hám jazba sóylewi sonshelli mazmunlı boladı. Filolog-studentlerdiń aktiv sózlik quramın bayıtıw, sóylewdiń grammatikalıq dúzilisin jetilistiriw, sóylew ámeliyatın ózlestiriw kópshilik jaǵdaylarda frazeologizmler menen ámelge asırılıwı kerek. Atap aytqanda, awızeki hám jazba sóylewde frazeologiyalıq birliklerden durıs hám orınlı paydalana alıw tildi ózlestiriwdiń joqarı dárejesinen dárek beredi.

**Izertlew metodologiyası.** Bolajaq filologlardıń kásiplik iskerliginde kommunikaciyanıń lingvistikalıq aspektlerin úyreniwge (E.A.Golovko, I.A.Zimnyaya, A.K.Markova, L.A.Petrovskaya, F.K.Urakova, E.V.Filatova hám t.b.); filologiya baǵdarınıń pitkeriwshisiniń leksikalıq kompetenciyasın úyreniwge (V.I.Baydenko, N.A.Grishanova, E.N.Kovtun, S.E.Rodionova hám t.b.) miynetlerin kórsetse boladı.

Ilimiy jantasıwlardı (shaxsiy-iskerlikli, shaxsqa baǵdarlanǵan, kompetenciyalıq, kommunikativ-baǵdarlanǵan,

differenciallastırılgan, sistemalı) talqılaw «leksikalıq kompetenciya» terminologiyalıq túsiniginiń mánisin anıqlaw imkanın berdi [1].

Leksikalıq kompetenciyanı qáliplestiriwdiń teoriyalıq tiykarlarınıń lingvistikalıq tiykarın sózdiń kategoriyalıq belgileri quraydı:

- sóz sóylewdiń tiykargı birlikleriniń biri sıpatında mánige iye hám sistemanıń elementi bolıp, leksikalıq dárejede kórinedi hám bir pútin sistemalıq qurılıstı ańlatadı;
- leksikanı sapalı, sanalı ózlestiriw procesi basqa sózler menen leksikalıq baylanıslardı «jasırıw» arqalı ámelge asırıladı.

Leksikanı ózlestiriw leksikalıq kónlikpelerdi qáliplestiriw menen tıǵız baylanısta júz beredi. Leksikalıq kónlikpelerdi tildi oqıtıw mazmunınıń eń áhmiyetli komponenti dep qaraw kerek, olardı qáliplestiriw bolsa leksikalıq materialdı oqıtıwdıń maqseti bolıp tabıladı [2].

Sóylewdiń mazmun tárepin leksika belgileydi. Áyne leksika sóylewshiniń shaxsın eń tolıq hám anıq usınadı, onıń aqlıy rawajlanıwı, imkaniyatları dárejesi, ulıwma hám sóylew mádeniyatınıń jaǵdayı haqqında túsinik beredi. Hárbir insan óz shaxsın bildiriw ushın sózden paydalanadı. Sóylewshilerdiń jas hám individual ózgeshelikleri leksikada kóbirek sáwlelenedi. Leksikalıq baylıqtıń tómenligi tolıq múnásibet, shaxstıń ruwxıy hám aqlıy, emocionallıq-sezimlik rawajlanıwı procesin qıyınlastıradı.

Sóz máselesi til bilimindegi eń kóp talqılanatuǵın máselelerdiń biri bolıp esaplanadı, sebebi sóz – tildiń tiykargı birligi bolıp, onıń barlıq sistemasına sińip ketedi; sózlerdi dúziw ushın tiykargı material bolıp, onıń járdeminde adamlar arasında sóylesiw ámelge asadı; haqıyqatlıq faktlerin atawdıń tiykargı birligi bolıp esaplanadı.

Sózlik dereklerinde sóz insannıń óz pikir hám sezimlerin bayanlaw, sóylew, baylanısıw qábiletiniń ayrıqsha qábileti sıpatında talqılanadı [3]. Tilshi ilimpazlar sózdi tildiń tiykargı funkcional-strukturalıq hám semantikalıq birligi, ses yamasa sesler kompleksinen quralǵan, óz betinsheligi hám qayta tákirarlanıwı menen ajıralıp turatuǵın birlik sıpatında táriyipleydi.

Sóz belgili bir mániske iye hám sóylewde óz betinshe bir pútinlik sıpatında qollanıladı; adam tárepinen bilinetuǵın tábiyat hám jámiyet, qatnaslar hám ǵárezliliklerdiń barlıq predmet hám qubılıslarına atama beredi, adamnıń sezimlerin, emocionallıq reakciyaların hám erkıqrarın bildiriw ushın xızmet etedi; óz betinshe jámiyetlik-kommunikativlik ámeliyat penen bekkemlengen mániske iye bolıp, predmetti, qubılıstı ataydı; ózine tán individual mánisi menen tildiń sózlik quramına kiredi; eki tárepleme birlik bolıp, onıń quramında bayanlaw planı (ses qabıǵı) hám mazmun planı (máni) turadı [4].

**Analiz hám nátiyjeler.** Sóz til birligi sıpatında ózine jaqın sóylew birliklerinen (morfema hám gáp), qońsı sózden ajıratıp turatuǵın, óz tábiyatına sáykes keliwshi anıqlamanı talap etedi. Birinshi gezekte, tildiń basqa birlikleri (fonemalar, morfemalar, sóz dizbekleri, gápler) sol yamasa basqa dárejede sóz fonında qabıl etiliwi hám ol menen sistemalı qatnaslar arqalı baylanıslı bolıwı sebepli sózdiń til sistemasındaǵı oraylıq ornı argumentlewdi talap etedi. Sóz tildiń barlıq komponentleriniń – fonetikanıń (seslerden turadı), leksikanıń (hárqanday hádiyseni ańlatadı, kodlaydı, mánilik júk tasıydı), grammatikanıń (belgili grammatikalıq formada boladı) wákili bolıp tabıladı.

Fonemanıń til birligi sıpatındaǵı statusı onıń sózlerdiń mánilik hám formalıq differenciallasıwındaǵı roli menen, morfemanıń tildiń minimal áhmiyetli birligi sıpatında sózdi konstrukciyalawı menen, al usınıstıń tildiń ierarxiyasındaǵı joqarı áhmiyetli birligi sıpatında onıń quramlıq bólegi bolǵan sózler menen belgilenedi. Solay etip, sóz tildiń barlıq sistemasına kirip barıwshı oraylıq birlik bolıp xızmet etedi.

Sóz quramalı semantikalıq dúziliske iye bolıp, onıń qáliplesiwi sózdiń tar anıq mánisin iyelewden onıń ulıwmalastırıwshı, abstrakt mánisin hám sózlik túsiniklerin ózlestiriwge shekemgi quramalı joldı basıp ótedi. Usı evolyuciyanıń nátiyjesinde sózdiń motivli qollanılıwınan (sóz tek predmet yamasa bir tiptegi predmetler klasınıń ataması bolǵanda) onıń funkcional qollanılıwına (sózdiń ses qabıǵı predmet, háreket penen óziniń obrazlı baylanısın joǵalta baslaydı hám til belgisi, yaǵnıy ol yamasa bul mazmundı bildiriw ushın shártli belgi sıpatında qollanıladı) ótiw ámelge asırıladı [5].

Sózdiń birlemshi wazıypası gáptiń formal-sintaksislik (sintaksislik baylanıslar tiykarında) hám semantikalıq-sintaksislik (semantikalıq-sintaksislik qatnasıqlar tiykarında) komponentleri rolin atqarıw qábileti bolsa, ekinshi wazıypası bir sózli gáp wazıypasın atqarıwı bolıp tabıladı.

Sózdi tómengi birlik – morfema hám joqarı grammatikalıq birlik – gáp penen salıstırǵanda adekvat anıqlaw múmkin. Eń kishi grammatikalıq birlik – morfema, sózden parıqlı túrde, sintaksislik, sonday-aq, poziciyalıq erkinlik penen xarakterlenbeydi. Morfema sózdi formalastırıp, predmet hám hádiyseler arasındaǵı qatnaslardı kórsetedi, sóz bolsa predmet hám hádiyselerdi bildiredi. Sóz belginiń tiykargı qásiyetlerine iye, sonlıqtan ol zat yamasa hádiysege hám sol zat yamasa hádiyse haqqındaǵı túsinikke qatnası menen xarakterlenedi.

Sóz sózdiń mazmunı sıpatında qaralatuǵın leksikalıq mániniń bolıwı, seslik kompleks (atama) hám sózde túsinikler arqalı sáwlelenetuǵın obyektiv bar bolǵan birlik (predmet, qubılıs) arasında ornatılatuǵın sáykeslik sózdiń sóylew birligi sıpatında xarakterli bolıp esaplanadı.

G.Bekimbetova tálim alıwshılardıń leksikalıq kompetenciyasın: leksikalıq minimum (tayanısh sózler hám dizbekler), grammatikalıq minimum (sóz formaları hám grammatikalıq bilimlerdiń anıq shegarası), ádebiy oqıw hám is qaǵazların jazıw boyınsha beriliwi názerde tutılǵan maǵlıwmatlar [6] formalarǵa ajıratqan.

Sózdi ózlestiriw, dep tastıyıqlaydı T.I.Shamova, - bul sózdiń mánisin, formasın (onıń ses hám kórinis obrazın), basqa sózler menen baylanısqa kirisiw qábiletin (semantikalıq, grammatikalıq) ózlestiriw degen sóz [7].

E.M.Vereshagin leksikanı ózlestiriw sózdiń barlıq mánislerin ashıp beriwge, onı ana tilindegi basqa sózler menen salıstırıwǵa, onıń aytılıwın tereńirek islewge, quramı boyınsha tallaw ótkeriwge, sózdiń jazılıwına, grammatikalıq formasına itibar qaratıwǵa múmkinshilik beretuǵının atap ótedi [8].

Alımlar sózdiń leksikalıq mánisin grammatikalıq máni menen baylanıstırǵan halda, birdey nárseler, háreketler, qubılıslar, ózgesheliklerdiń ulıwmalastırılǵan kórinisi sıpatında kórip shıǵadı, bul bolsa sózdiń ol yamasa bul sóz shaqabına tánligin belgilew, olardıń forma payda etiwshi variantları ortasındaǵı qatnaslardı hárbir sóz paradigması sheńberinde sıpatlawdan ibarat [9]. Sózdiń leksikalıq mánisiniń ulıwmalastırılıwınıń eń joqarı dárejesi onıń sóz

shaqapshası sıpatındaǵı abstrakt (kategoriyalıq) mánisi bolıp tabıladı.

Demek, máni – bul átiraptaǵı haqıyqatlıqtaǵı zat hám hádiyselerdiń, olar arasındaǵı baylanıs hám qatnaslardıń insan sanasında ulıwmalastırılgan hám obyektiv kórinisi. Sóz tildiń universal belgisi sipatında tek ol yamasa bul predmetti, oniń qásiyetlerin, spatların anlatpaydı, ol sol predmet, oniń qásiyetleri hám wazıypaları haqqında uliwmalastırılgan magliwmatlardı óz ishine aladı. L.S.Vıgotskiy sózdiń semantikalıq tábiyatınan kelip shıǵıp, onı belgi («at») hám mániniń birligi sıpatında táriypleydi [10].

**Juwmaq hám usınıslar.** Juwmaqlap aytqanda, leksikalıq kompetenciyanıń mazmun-mánisin subyekttiń sóylew tájiriybesine súyengen halda tildiń sózlik quramına baylanıslı leksika-frazeologiyalıq fondtan ibarat bolǵan bilimler, olardan qarım-qatnas procesinde paydalana alıw qábileti, qáliplesken leksikalıq kónlikpe hám kónlikpeler tiykarında jaǵdaylıq, sociallıq, kontekstuallıq qaǵıydalar sıyaqlı teoriyalıq bilimler jıyındısı bolǵan motivaciyalıq, biliw-biliw, ámeliy, minez-qulıqlıq komponentlerden ibarat kóp komponentli qubılıs sıpatında qaraymız. Bul bolajaq filolog ilimpazlardıń leksikalıq kompetenciyasınıń tiykarǵı kórsetkishlerinen biri sózlik baylıǵı, óz pikirlerin durıs, izbe-iz hám emocionallıq bayanlay alıwı menen baylanıslı.

Filolog-studentlerdiń leksikalıq kompetenciyasın qáliplestiriwdiń tiykarǵı maqseti produktiv hám receptiv leksikalıq kónlikpelerdi qáliplestiriwden ibarat. Bul kónlikpelerdi ózlestiriwdiń tabıslı bolıwı bolajaq filolog ilimpazlardıń til qubılısların baqlaw, salıstırıw hám tallaw, hár qıylı sózlikler menen islesiw, sózdiń mánisi haqqında kontekstten juwmaq shıǵarıw kónlikpelerine iye bolıwına baylanıslı dep esaplaymız.

## Ádebiyatlar


1. Леонтьев А.А. Некоторые проблемы обучения русскому языку иностранцев. – Москва: «Русский язык», 1986.
2. Андрущенко В.П. Роздуми про освіту: статті, нариси, інтерв'ю. − Київ: «Знання України», 2004.
3. Толковый словарь русского языка Д.Н.Ушакова [Электронный ресурс]. – Режим доступа:http://www.dict.t-mm.ru/ushakov/ (14.02.10).
4. Абрамов В.П. Синтагматика семантического поля. − Ростов-на-Дону: «Астрель», 1992.; Верещагин Е.М. Язык и культура: лингвострановедение в преподавании русского языка как иностранного. / Е.М.Верещагин, В.Г.Костомаров. − Москва: Изд-во Моск. ун-та, 1973.
5. Леонтьев А.А. Основы психолингвистики. – Москва: « Мысль», 1999.
6. Bekimbetova G.R. Tálim basqa tillerde alíp barílatuǵín mekteplerde qaraqalpaq tilin oqítíw mexanizmin jetilistiriw. Pedagogika ilimleriniń doktorı (Doctor of Sciense) ilimiy dárejesin alıw ushın tayarlanǵan dissertaciya. – Nókis: 2024.
7. Шамова Т.И. Управление образовательными системами: учеб. пособ. [для студ. высш. заведений] Т.И.Шамова, П.И.Третьяков, Н.П.Капустин; под ред. Т.И.Шамовой. – Москва: Гуманит. изд. центр ВЛАДОС, 2003.
8. Верещагин Е.М. Лингвострановедческая теория слова. / Е.М.Верещагин, В.Г.Костомаров. – Москва: «Русский язык», 1980.
9. Сусов И.П. Введение в теоретическое языкознание [Электронный ресурс] / И.П.Сусов. – Режим доступа: http://www.gumer.info/bibliotek_Buks/Culture/Sysov_Jazukoznzn/_15.php.].
10. Выготский Л.С. Психика, сознание и бессознательное. Собр. соч.: В 6 т. Т.1. − Москва: Вопросы теории и истории психологии. − С. 132-248.



**REZYUME.** Maqolada filologiya fanlari talabalarining soʻz boyligini frazeologik birliklar orqali rivojlantirishga qaratilgan tadqiqot gʻoyalari tahlil qilinadi. Talabalarning soʻz boyligini oshirish usullari ham muhokama qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются научные идеи, направленные на развитие лексической компетенции студентов-филологов посредством фразеологических единиц. Также были рассмотрены методы, связанные с повышением лексической компетенции студентов.

**SUMMARY.** The article analyzes scientific ideas aimed at developing the lexical competence of philology students through phraseological units. Methods related to improving students' lexical competence were also considered.


**УДК 37.032**

# ПРИМЕНЕНИЕ ТВОРЧЕСКИХ ЭЛЕМЕНТОВ В ДИСТАНЦИОННОМ ОБУЧЕНИИ СТУДЕНТОВ ТЕХНИЧЕСКОГО ВУЗА


**И.В.Мишенина –** *кандидат химических наук, доцент*

**М.В.Худоян –** *кандидат технических наук, доцент*

**К.Б.Темираев –** *доктор химических наук, профессор*

*Северо-Кавказский горно-металлургический институт (ГТУ), Владикавказ, Россия*



**Таянч сўзлар:** масофавий таълим, мухандислик таълими, ижодий фикрлаш, ARCS модели, олимпиада муҳити, мотивация, визуаллаштириш, техник тафаккур.

**Ключевые слова:** дистанционное обучение, ARCS-модель, мотивация студентов, олимпиадная среда, инженерное образование, творческое мышление.

**Key words:** distance learning, ARCS model, student motivation, olympiad environment, engineering education, creative thinking.


**Введение.** Развитие дистанционного обучения традиционно рассматривается как следствие цифровой трансформации образования. История дистанционного формата проходит этапы: корреспондентское обучение (XIX в.), радиокурсы (1930-е гг.), телевещание (1970-е гг.), интернет-курс (конец XX века), интерактивные технологии XXI века. Федеральный закон №273-ФЗ (2012) легитимизировал использование дистанционных технологий на всех уровнях образования. Однако у студентов технических направлений часто наблюдается